



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# Getuh Tiba Mburí



Menyesal Datang Kemudian

Penulis: Effy Widjono Putro  
Illustrator: Bayu Prihantoro

C





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# Getun Tiba Mburi

## Menyesal Datang Kemudian

Penulis : Effy Widjono Putro  
Ilustrator : Bayu Prihantoro  
Penerjemah : Effy Widjono Putro

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan  
Teknologi Republik Indonesia.  
Dilindungi Undang-Undang.**

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

## **GETUN TIBA MBURI**

MENYESAL DATANG KEMUDIAN

Penulis : Effy Widjono Putro  
Ilustrator : Bayu Prihantoro  
Penerjemah : Effy Widjono Putro  
Penyunting : Aji Prasetyo  
Penata Letak: Bayu Prihantoro

Penerbit  
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023  
ISBN 978-602-259-931-9 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Lilita One, Concert One.

ii, 40 hlm., 21 x 29,7 cm.

# Kepala Balai Menyapa

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

# Getun Tiba Mburī

Menyesal Datang Kemudian



“Anin, ndang dibandhemke ...!”

“Awas, Diyan. Mlayune sing banter ...!”

Rame banget swasana ing plataran SD Mekar Sari. Anin sing lagi nyekel bal, ngoyak Diyan. Apes, bal ora kena awake Diyan, nanging malah bablas adoh.

“Huuuh...!” Rasa mangkel katon ing praupane Anin. Wis kanthi rosa mbandhemake bal ing awake Diyan, tetela luput. Kamangka Anin kepengin gawe cilakane Diyan.


“Anin, cepat lempar...!”

“Awas, Diyan. Cepat larinya ...!”

Riuhan sekali suasana di halaman SD Mekar Sari. Anin yang sedang memegang bola, mengejar Diyan. Nahas, bola tidak mengenai badan Diyan, tetapi melambung jauh.

“Huuuh...!” Wajah Anin tampak kesal. Sudah dengan penuh tenaga melemparkan bola ke arah Diyan, ternyata tidak kena. Padahal Anin ingin membuat Diyan celaka.





Ora watara suwe, Pak Panut, guru Olahraga, nyebul sempritan tandha tetandhingan kasti dipungkasi. Murid-murid kelas lima nuli mlebu kelas. Anin isih katon mrengut lan cuwa. Dina iku dheweke rumangsa kalah maneh saka Diyan.

“Ayo ganti klambi, Nin. Rampung iki rak gladhi beksa, ta?” pangajake Diyan marang Anin sing nyedhaki dheweke bareng Ling Ling.

“Ora arep ganti. Ora arep mbeksa!” wangsulane Anin sengol tanpa nyawang kancane loro kuwi.


“Ya wis yen ngono,” kandhane Ling Ling sing karo Diyan nuli ninggalake Anin.

Tak lama kemudian, terdengar Pak Panut, guru Olahraga, meniup peluit tanda pertandingan kasti usai. Murid-murid kelas lima segera masuk kelas. Wajah Anin tampak muram dan kecewa. Lagi-lagi Anin merasa kalah dari Diyan.

“Ayo ganti baju, Nin! Habis ini latihan menari, kan?” ajak Dian kepada Anin yang mendatanginya bersama Ling Ling.

“Tidak akan ganti! Tidak akan menari!” kata Anin ketus tanpa memandang kedua temannya.

“Ya sudah kalau begitu,” kata Ling Ling yang bersama Diyan segera meninggalkan Anin.



Anin, Diyan, lan Ling Ling dipilih Bu Umi makili sekolah melu lomba beksa. Guru Seni Tari kasebut milih katelune jalanan dianggep paling luwes mbeksa. Kajaba ing sekolahan, Anin lan Diyan uga sinau beksa ing sanggar. Anin sinau beksa ing Sanggar Mawar, Diyan sinau ing Sanggar Menur.

Dene Ling Ling sing awake lencir lan pakulitane putih murid anyar. Ling Ling lagi rong wulan mlebu SD Mekar Sari. Sanajan durung tau melu sanggar, nanging anggone mbeksa katon luwes. Mula Ling Ling dipilih makili sekolah bareng karo Anin lan Diyan.

Anin, Diyan, dan Ling Ling dipilih Bu Umi mewakili sekolah ikut lomba menari. Guru Seni Tari tersebut memilih mereka karena paling luwes menari. Selain di sekolah, Anin dan Diyan juga berlatih menari di sanggar. Anin berlatih menari di Sanggar Mawar, Diyan berlatih di Sanggar Menur.


Sedang Ling Ling yang badannya langsing dan berkulit putih merupakan murid baru. Ling Ling baru dua bulan masuk SD Mekar Sari. Meski belum pernah ikut sanggar, namun luwes menari. Oleh karena itu Ling Ling dipilih mewakili sekolah bersama Anin dan Diyan.

‘Seminggu kepungkur, Bu Umi ngendika,  
katelune dipilih melu lomba beksa Nawung Sekar.  
Sanajan kabeh wis apal beksa gagrag  
Ngayogyakarta iku, tetep kudu gladhi bareng.  
Anggone lomba sacara klompok, dadi ora kena  
sakepenake dhewe. Emane, Anin ora seneng yen  
anggone lomba bareng Diyan. Pancen sawise  
Diyan melu gladhi beksa ing sanggar, Anin ora  
seneng.

Seminggu yang lalu, Bu Umi mengatakan, tiga murid tersebut dipilih untuk mengikuti lomba menari Nawung Sekar. Meski semua sudah hafal membawakan tarian gaya Yogyakarta tersebut, tetap harus berlatih bersama. Lomba diadakan secara kelompok, sehingga tidak bisa seenaknya sendiri. Sayang, Anin tidak suka kalau lomba bersama Diyan. Memang setelah Diyan ikut berlatih menari, Anin tidak suka.




Anin rumangsa luwih baud lan luwes mbeksa tinimbang Diyan. Apamaneh ibune uga pinter mbeksa. Sadurunge pageblug Covid-19, Anin kerep diajak ibune gladhi beksa ing Kraton Yogyakarta. Papane ing Bangsal Kasatriyan, saben dina Minggu. Amarga iku, Anin banjur seneng, kepengin bisa mbeksa.




Anin merasa lebih pintar dan luwes menari dibanding Diyan, apalagi ibunya juga pintar menari. Sebelum pandemi Covid-19, Anin sering diajak ibunya berlatih menari di Keraton Yogyakarta. Tempatnya di Bangsal Kasatriyan, setiap hari Minggu. Oleh karena itu, Anin menjadi suka, ingin bisa menari.





Kajaba diajari ibune, Anin uga mlebu sanggar tari. Ora mung Nawung Sekar sing pancen kanggo bocah sabarakane, Anin uga wis apal beksa Sekar Pudyastuti sing kanggo umur-umuran sandhuwure. Dene Diyan, miturut panemune Anin, dudu sapa-sapa, ibune ora bisa mbeksa. Nanging, uga ana sing ngira menawa Anin kuwatir kalah saka Diyan anggone mbeksa.

Selain dilatih ibunya, Anin juga masuk sanggar tari. Tidak hanya Nawung Sekar yang memang untuk anak seusianya. Anin juga bisa membawakan tari Sekar Pudyastuti yang untuk usia di atasnya. Sementara Diyan, bagi Anin, bukan siapa-siapa, ibunya tidak bisa menari. Akan tetapi juga ada yang menganggap, Anin khawatir kalah dari Diyan dalam hal menari.



“Aku wegah yen mbeksa bareng Diyan!” ature Anin marang ibune seminggu kepungkur sawise Bu Umi ngendika bakal ana lomba.

“Lha, ngapa? Eman anggone gladhi neng sanggar yen didhawuhi lomba kok ora gelem.” Ibu ngerih-erih Anin.

“Pokoke wegah!”

“Saya tidak mau menari dengan Diyan!” kata Anin kepada ibunya seminggu yang lalu. Setelah Bu Umi mengatakan akan ada lomba.

“Lo, ada apa? Sayang sudah berlatih di sanggar kalau diminta ikut lomba tetapi tidak mau.” Ibu membujuk Anin.

“Pokoknya tidak mau!”





Nalika arep gladhi sepisanan ana sekolahan,  
Diyan didhawuhi Bu Umi nyusul Anin. Tekan kelas,  
Anin malah mangsuli pangajake Diyan kanthi  
sengol.

“Anin, didhawuhi Bu Umi enggal gladhi!”  
kandhane Diyan.

“Sesuk wae, lagi mumet!” wangsulane Anin.


Semono uga dina candhake, nalika diajak  
gladhi, Anin wangsulan, ”Lagi mules!”

Saat akan mulai berlatih di sekolah, Diyan diminta Bu Umi menyusul Anin. Sesampai di kelas, Anin menanggapi ajakan Diyan dengan ketus.

“Anin, diminta Bu Umi segera berlatih!” kata Diyan.

“Besok saja, sedang pusing!” ucap Anin.

Begitu juga sehari berikutnya, saat diajak berlatih, Anin menjawab, ”Sedang sakit perut!”



Bareng rong dina ora bisa gladhi bareng, Bu Umi mutusake Anin diganti Endah. Awit menawa ora enggal nyawiji anggone gladhi, asile bakal ora becik. Satemene Anin kepengin melu lomba beksa, nanging ora gelem yen bareng Diyan. Dheweke ngajab supaya Diyan diganti Endah utawa liyane

Nalika kanca-kancane gladhi ing aula, Anin ninggalake kelas. Anin nginjen saka sela-selaning cendhela sing mbukak sithik. Kupingengrungokake apa wae ngendikane Bu Umi.

“Diyan, le nyempurit kurang kenceng.”

“Ling Ling, kurang mendhak.”

Setelah dua hari tidak bisa berlatih bersama, Bu Umi memutuskan Anin diganti Endah. Sebab kalau tidak bisa menyatu dalam berlatih, hasilnya tidak akan baik. Sebenarnya Anin ingin ikut lomba menari, tetapi tidak mau bersama Diyan. Anin berharap, Diyan diganti Endah atau yang lain.

Saat teman-temannya berlatih di aula, Anin meninggalkan kelas. Anin mengintip dari sela-sela jendela yang sedikit terbuka. Telinganya mendengarkan apa saja yang dikatakan Bu Umi.

“Diyan, nyempurit-nya kurang mantap.”


“Ling Ling, kurang mendhak.”

### Catatan:

*nyempurit*: posisi jari saat menari

*mendhak*: menekan tubuh ke bawah dengan menekuk lutut





“Endah, olehe trisig kecepeten.”


Mangkono keprungu ngendikane Bu Umi nalika gladhi beksa Nawung Sekar. Swara gendhing pangiring disetel lirih kareben ora ngganggu liyane sing padha wulangan.

“Lha durung apik kabeh ngono kok,” batine Anin. Dheweke rumangsa luwih pinter lan luwes tinimbang kanca-kancane.

“Endah, terlalu cepat trisig-nya.”

Terdengar Bu Umi mengingatkan saat berlatih tari Nawung Sekar. Suara gending pengiring dibuat agak lirih agar tidak mengganggu yang sedang mengikuti pelajaran.

“Ternyata belum bagus semua gitu,kok,” batin Anin. Ia merasa lebih pintar dan luwes dibanding teman-temannya.




Nyempurit, mendhak, trisig, seblak, lan sapanunggalane pancen diwulangake saben gladhi beksa. Saking peng-pengan anggone kepengin pinter mbeksa, Anin golek buku bab beksa. Karepe kanggo tambah kawruh. Ndilalah ibune kagungan, dadi bisa diwaca lan apal kabeh.

Nyempurit, mendhak, trisig, seblak, dan sebagainya memang diajarkan setiap berlatih menari. Begitu semangat ingin bisa menari, Anin mencari buku tentang tari. Tujuannya adalah menambah pengetahuan. Kebetulan ibunya punya, jadi bisa dibaca dan semua hafal di luar kepala.

Catatan:

*trisig*: melangkahkan kaki untuk perpindahan tempat

*seblak*: menghempaskan sampur atau selendang




Sawise wulangan Olahraga kanthi tandhingan kasti, murid-murid kelas lima wulangan Matematika. Ora watara suwe, keprungu swara gendhing Lancaran Gandhes Laras Pelog Pathet Barong. Gendhing iku mujudake pangiring beksan nawung sekar. Gendhing pangiring pancen disetel luwih sora kareben sing padha mbeksa luwih greget.

Anin setengahe getun, ora melu gladhi beksa. Tumrape dheweke, Matematika iku marahi mumet. Sing melu lomba beksa makili sekolah kaparingan wektu mirungan kanggo gladhi. Ora melu wulangan Matematika.


Setelah pelajaran Olahraga dengan permainan kasti, murid-murid kelas lima mengikuti pelajaran Matematika. Tak lama kemudian, terdengar suara gending Lancaran Gandhes Laras Pelog Pathet Barang. Gending itu merupakan pengiring tari Nawung Sekar. Kali ini gending pengiring memang dibuat lebih kencang agar yang menari lebih greget.

Anin sedikit menyesal, tidak ikut latihan menari. Bagi Anin, Matematika membuat pusing. Yang ikut lomba menari mewakili sekolah diberi kesempatan untuk berlatih. Tidak mengikuti pelajaran Matematika.



Anin nglenggana, mikir apa wae sing njalari dheweke ora seneng karo Diyan. Digoleki kurange Diyan, ora ketemu, kajaba Diyan iku saka kulawarga prasaja. Wong tuwane ora sugih kaya Ling Ling, Endah, utawa liya-liyane.

Yen kaluwihane Diyan akeh. Pinter, nanging ora owel menehi wuruk marang kanca-kancane. Saben-saben Diyan duwe karep ngajari Anin supaya asile ulangan luwih apik. Nanging ora dianggep dening Anin.




Anin merenung, berpikir apa saja yang membuatnya tidak menyukai Diyan. Semakin dicari kekurangannya, tidak ditemukan, selain hanya karena Diyan dari keluarga sederhana. Orang tuanya tidak kaya seperti Ling Ling, Endah, maupun yang lain.

Saat dicari kelebihan Diyan, justru banyak. Pintar, tetapi tidak pelit berbagi kepada teman-temannya. Diyan sering ingin mengajari Anin supaya hasil ulangan lebih baik. Akan tetapi keinginan itu sering diabaikan oleh Anin.

KELAS 5





Upamane wingi, sedina sadurunge wulangan Olahraga kanthi tandhingan kasti. Bocah-bocah padha kumpul ing ngarep kelas nalika ngaso.

“Wah, sesuk kasti, ya?” Sinta miwiti rembug.

“Iya. Aku durung bisa le namplek bal supaya ora mleset.”

“Yen aku piye carane endha supaya ora kena yen dibandhem.”

Misalnya kemarin, sehari sebelum pelajaran Olahraga dengan pertandingan kasti. Anak-anak berkumpul di depan kelas saat istirahat.

“Besok kasti, ya?” Sinta memulai percakapan.


“Iya. Aku belum bisa memukul bola supaya tidak meleset.”

“Kalau aku belum tahu caranya menghindar supaya tidak kena ketika dilempar.”



Mangkono kaya saur manuk anggone padha pirembugan. Diyan nuli urun rembug. Miturut Diyan, namplek bal, mbandhemake, utawa endha ora cukup mung nganggo tenaga. Perlu nganggo tetimbangan lan kudu cepet mutusake.

Begitu saling bersahutan saat mereka berbincang. Diyan pun menyampaikan pendapat. Menurut Diyan, memukul, melempar, atau menghindar tidak cukup dengan tenaga. Perlu menggunakan pertimbangan dan harus cepat mengambil keputusan.



Namplek bal, dirasakake sepira abote sing kanggo namplek lan bobote bal. Yen bal kasti cetha luwih abot tinimbang bal tenis. Yen nganggo bal kasti olehe nyekel tamplek kudu luwih kenceng. Yen nganggo bal tenis sing luwih entheng, olehe nyekel tamplek rada kendho. Olehe namplek uga ora waton rosa.

“Yen kerosan malah lengene bisa lara,” kata Diyan.

Kabeh padha ngrungokake kanthi permati marang sing diandharake Diyan, Kejaba Anin sing isih tetep maito. Anin malah celathu, “Walah, arep kasti wae kok repot.”

Memukul bola, dirasakan seberapa bobot alat pemukul dan bobot bola. Kalau bola kasti jelas lebih berat daripada bola tenis. Kalau menggunakan bola kasti, cara memegang pemukul harus lebih kuat. Kalau bola tenis yang lebih ringan, cara memegang pemukul agak kendur. Cara memukul juga tidak asal kuat.

“Kalau terlalu kuat malah lengan bisa sakit,” kata Diyan.

Semua mendengarkan dengan serius yang dikatakan Diyan. Hanya Anin yang tidak mau. Anin bahkan mengatakan, “Mau kasti saja repot!”



Krungu celathune iku, bocah-bocah mung nyawang Anin satleraman. Bubar kuwi njinggleng lan ngrungokake andharane Diyan maneh. Kabeh wis padha ngerti manawa Anin ora seneng marang Diyan.

Diyan ngandharake, yen mbandhemake bal uga ora waton rosa. Olehe mbandhemake rada munggah, Yen olehe mbandhem lempeng, sing dibandhem mlayu bal malah kena lemah.



Mendengar ucapan itu, anak-anak hanya menoleh sekilas ke arah Anin. Sehabis itu kembali menyimak dan mendengarkan penjelasan Diyan. Semua sudah tahu kalau Anin tidak suka kepada Diyan.

Diyan menjelaskan, melempar bola juga tidak asal kuat. Cara melempar agak dilambungkan ke atas. Kalau melempar lurus ke depan, yang dilempar lari dan bola malah kena tanah.



“Perlu dieling-eling, bal kasti beda karo bal tenis. Pak Panut kadhangkala nyepaki bal kasti, kadhangkala bal tenis. Sepisan maneh, ora waton rosa. Awak dhewe mbandhem mungsuh ora waton gawe lara lan cilaka,” jlentrehe Diyan.

“Muga-muga nganggo bal tenis, yen kena ora lara.” Racake padha kepengin tandhingan kasti sesuk ora nganggo bal kasti. Kabeh tau ngrasakake awak njarem kebandhem bal kasti sing abot lan atos.

“Harus diingat, bola kasti beda dengan bola tenis. Pak Panut kadang menyiapkan bola kasti, kadang bola tenis. Sekali lagi, tidak asal kuat. Kita melempar lawan tidak asal membuat sakit dan celaka,” kata Diyan panjang.

“Mudah-mudahan pakai bola tenis, kalau kena tidak sakit.” Rata-rata ingin dalam pertandingan kasti besok tidak menggunakan bola kasti. Semua pernah merasakan badan pegal dan memar terkena lemparan bola kasti yang berat dan keras.






Yen liyane kepengin nganggo bal tenis, Anin malah kepengin nganggo bal kasti. Ancase pancen kepengin gawe cilakane Diyan. “Rasakna, sesuk takbandhem sarosane,” batine Anin nalika ngrungokake andharane Diyan wingi.

Tumrape Anin, bab sepele sing magepokan karo Diyan ora ana sing bener. Klebu bab jeneng wae dadi perkara. Jeneng komplite Diyan mung cekak, Hardiyanti.

Kalau yang lain ingin memakai bola tenis, Anin ingin menggunakan bola kasti. Tujuannya membuat celaka Diyan. “Rasakan, besok kulempar sekuat-kuatnya!” batin Anin ketika mendengarkan penjelasan Diyan kemarin.

Bagi Anin, hal sepele yang berkaitan dengan Diyan tidak ada yang benar. Termasuk nama pun dijadikan masalah. Nama komplet Diyan hanya pendek, Hardiyanti.




“Jeneng kok mung Hardiyanti, kuna. Mbok ya kaya liya-liyane. Kaya aku, arepa undang-undangane cekak, Anin, ning komplite dawa tur apik. Raden Rara Anindiani Mustikarani Endah Saraswati.”

Sing krungu kandhane Anin sawetara wektu kepungkur mung padha mesem. Ngguyu ing batin. Wis padha ngerti sipate Anin, apamaneh yen magepokan karo Diyan.


“Nama kok cuma Hardiyanti, kuno. Seperti yang lain, gitu. Seperti aku, meski nama panggilan pendek, Anin, tapi kompletnya panjang dan bagus. Raden Rara Anindiani Mustikarani Endah Saraswati.”

Yang mendengarkan ucapan Anin pada saat itu hanya tersenyum. Tertawa dalam hati. Semua tahu sifat Anin, apalagi berkaitan dengan Diyan.



Swara gendhing mecah panglamune Anin.  
Ora maelu lagi wancine wulangan Matematika.  
Krungu gendhing kasebut, atine krasa nggregel  
lan ora jenjem. Kaya-kaya kepengin ngobahake  
awake, tangane, sikile, sirahe. Laras karo wirama  
gendhing. Sanalika dheweke pamit marang Bu  
Sinta, guru Matematika.

Suara gending memecah lamunan Anin. Tak  
mempedulikan saat pelajaran Matematika.  
Mendengar alunan musik pengiring tarian  
tersebut, hatinya merasa tak tenang. Rasanya  
ingin menggerakkan tubuh, tangan, kaki, kepala,  
selaras dengan irama gending. Seketika ia  
meminta izin kepada Bu Sinta, guru Matematika.



“Bu, nyuwun pangapunten, kula nyuwun idin badhe dhateng wingking rumiyin.”

Sawise diparingi idin, Anin enggal mlayu metu saka kelas. Ora tumuju kulah, malah menyang aula, nginjen sing padha gladhi beksa. Mripate kembeng-kembeng kebak luh sing sedya sumuntak. Krasa arep nangis, weruh sing padha mbeksa. Dene dheweke sing rumangsa ora kalah saka kancane malah ora melu.

Rampung wulangan Matematika lan tekan mangsane ngaso, Anin enggal menyang aula maneh.



“Bu, maaf, saya minta izin ke belakang.”

Setelah diberi izin, Anin segera berlari keluar dari kelas. Tidak menuju kamar mandi, tetapi malah menuju ke aula, mengintip yang sedang berlatih. Matanya basah penuh air yang seperti akan tertumpah. Terasa ingin menangis saat melihat yang sedang menari. Sementara dirinya yang merasa tidak kalah dari temannya justru tidak ikut.

Selesai pelajaran Matematika dan waktu istirahat, Anin kembali menuju aula.





“Bu, menapa kanca-kanca sampun sae anggenipun mbeksa?” Mangkono Anin nyuwun priksa marang Bu Umi.

“Wis lumayan. Satemene yen kowe melu bisa luwih apik.”

“Menapa salah setunggal kula gantos, Bu?”


“Wis ora bisa, bocah telu kuwi wis nyawiji ing rasa.”

“Bu, apakah teman-teman sudah bagus menarinya?” Anin bertanya kepada Bu Umi.

“Sudah lumayan. Sebenarnya kalau kamu ikut lebih bagus.”

“Atau salah satu saya ganti, Bu?”

“Sudah tidak bisa, tiga anak ini sudah menyatu dan kompak.”



“Ateges kula sampun mboten saged ndherek?”


“Ya, ora. Cetha wis diganti Endah lan katelune wis trep lan laras. Eman yen diganti. Apamaneh kari rong dina.”

Anin arep mbengok, krodha, nanging ditahan. Karo ngampet tangis, Anin nyawang kancane telu gladhi beksa Nawung Sekar. Geneya kanca-kancane sing dianggep ora luwih apik anggone mbeksa bisa nyawiji. Tetela katon endah disawang.

“Jadi saya sudah tidak bisa ikut?”

“Ya, tidak. Jelas sudah diganti Endah dan ketiganya sudah sesuai dan seirama, Sayang kalau diganti, apalagi tinggal dua hari.”

Anin ingin berteriak, memberontak, tetapi ditahan. Dengan menahan tangis, Anin melihat tiga temannya berlatih menari Nawung Sekar. Mengapa teman-temannya yang dianggap tidak lebih baik darinya bisa menyatu saat menari. Ternyata tampak indah dilihat.




Anin mbayangake, kancane telu iku nganggo busana komplit. Nganggo sabukwala, kalung sungsun, pendhing, gelang, suweng, lan sapanunggalane. Uga ana mentul siji ana rambut sisih mburi. Hmm ..., ana luh mili saka mriplate, nanging enggal diusap nganggo kacu. Geneya sing dandan lan nganggo busana kaya ngono dudu dheweke?

Anin membayangkan tiga temannya itu mengenakan busana komplet. Memakai sabuk wala, kalung sungsun, pendhing, gelang, suweng, dan sebagainya. Juga ada satu mentul pada bagian belakang rambut. Hmm..., ada air mengalir dari matanya, tetapi segera diusapnya dengan saputangan. Mengapa yang berdandan mengenakan busana seperti itu bukan dirinya?

Catatan:

*sabuk wala, kalung sungsun, pendhing, gelang, suweng, mentul*: perlengkapan dalam busana tari.





“Ora, ora, aku ora kena nangis! Isin nangis neng ngarepe kanca-kanca mung amarga ora melu lomba beksa.”

Dumadakan Anin kelingan ngendikane Bu Atin sing mulang beksa ing Sanggar Mawar.

“Yen ana kancane sing butuh wuruk ya diwuruki,” mangkono ngendikane Bu Atin.


“Becik orane beksa ora mung obahe awak. Nanging yen uga bisa gawe samubarang tumindak dadi luwih alus. Yen atine ora padhang lan sumeleh, tebane uga ora becik. Nularake kepinteran marang kanca utawa liyan uga wigati. Ora bakal ngurangi elmu nanging malah nambah elmu.”

“Tidak, tidak, aku tidak boleh menangis! Malu menangis di depan teman-teman hanya karena tidak ikut lomba tari.”

Tiba-tiba Anin teringat kata Bu Atin yang melatih tari di Sanggar Mawar.


“Kalau ada yang membutuhkan bantuan, berilah bantuan,” kata Bu Atin.

“Bagus atau tidaknya menari bukan , hanya gerak tubuh. Tetapi kalau juga bisa membuat setiap tindakan jadi lebih halus. Kalau hati tidak bersih dan ikhlas, hasilnya juga tidak baik. Menularkan kepandaian kepada teman atau orang lain juga penting. Tidak akan mengurangi ilmu tetapi malah menambah ilmu.”



Tansaya akeh ngendikane Bu Atin sing keprungu maneh ana kupinge Anin. Anin nuli ngelingi manawa sikep lan tumindake sasuwene iki kleru. Anin ninggalake aula, mlaku tumuju kulah. Nyidhuk banyu lan raup, ngresiki raine supaya ora ketara bubar nangis.

“Dhuh, Gusti. Kula nyuwun pangapunten. Punparingi kiyat, kula badhe kepanggih kanca-kanca. Badhe nyukani panjurung anggenipun mbeksa mbenjang supados greget lan gumregut.”




Semakin banyak kata-kata Bu Atin yang kembali terdengar di telinga Anin. Anin segera menyadari bahwa sifat dan sikapnya selama ini keliru. Anin meninggalkan aula, menuju kamar mandi. Diambilnya air dengan gayung untuk membasuh mukanya, membersihkan wajahnya agar tidak tampak habis menangis.

“Ya, Tuhan! Hamba mohon ampun. Berikan kekuatan, hamba akan menemui teman-teman. Akan memberikan dorongan agar saat menari besok dengan penuh semangat.”



Sawise rumangsa ora kucem lan kecut praupane, Anin menyang aula maneh. Nemoni Diyan, Ling Ling, serta Endah. Anin krenteg menehi panjurung marang kanca-kancane iku.


“Sing semangat ya, kanca-kanca. Sesuk aku nonton yen lomba. Muga-muga menang, Kabeh apik anggone mbeksa,” kandhane Anin.



Setelah merasa tidak kusam dan muram wajahnya, Anin kembali ke aula. Menemui Diyan, Ling Ling, serta Endah. Anin berniat memberikan dorongan semangat kepada teman-temannya.

“Yang semangat ya, teman-teman! Besok aku lihat kalian saat lomba. Semoga menang. Semua menarinya bagus,” kata Anin.





“Nuwun, Nin,” saute Diyan, Ling Ling, sarta Endah meh bareng,

Anin mbudidaya supaya ora ketara anggone getun atine. Anin wis ngrumangsani manawa getun iku tiba mburi.

“Terima kasih, Nin,” sahut Diyan, Ling Ling, dan Endah hampir bersama-sama.

Anin berusaha agar tidak tampak bila hatinya menyesal. Anin sudah merasa kalau menyesal datangnya kemudian dan tak berguna.

# Biodata

## Penulis dan Penerjemah



Effy Widjono Putro, lahir di Yogyakarta tahun 1963. Tinggal di Godean, Sleman. Menulis sastra Jawa pada 1990-an tapi kemudian tidak terlalu aktif. Saat ini bekerja pada perusahaan pers yang berkedudukan di Yogyakarta. Email: effywidjonoputro@gmail.com. Facebook: Effy Widjono Putro, Instagram: @effy\_widjono\_putro, YouTube: Effy Pelari Tua dan Tari dance Joget.

## Ilustrator



Bayu Prihantoro, lahir pada tahun 2001. Ia sedang menempuh pendidikannya di Universitas Negeri Yogyakarta pada jurusan Pendidikan Seni Rupa. Ia adalah seorang desainer grafis dengan fokus pada bidang ilustrasi, *branding*, dan *layouting*. Pembaca dapat menghubungi melalui instagram @bapritow atau melalui posel yoe.bayoe@outlook.com.

## Penyunting



Aji Prasetyo, lahir pada tahun 1976 di Semarang. Menamatkan pendidikan Sarjana Sastra Indonesia Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada pada tahun 2002. Pernah bekerja di Kantor Bahasa Provinsi Sulawesi Tenggara tahun 2006–2012. Sejak 2012—sekarang, ia bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menghubungi melalui posel ajiprasetyo2009@gmail.com.



MILIK NEGARA  
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Bu Umi memilih Anin, Diyan,  
dan Ling Ling ikut lomba menari  
mewakili sekolah. Anin tidak  
suka kalau Diyan juga ikut,  
sehingga selalu mencari alasan  
setiap diminta berlatih. Karena  
beberapa kali tidak ikut latihan,

Bu Umi memilih Endah  
menggantikan Anin. Melihat  
kekompakan teman-temannya,  
Anin sedih dan menangis.

ISBN 978-602-259-931-9 (PDF)



9 786022 599319



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023